

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuh masarakat, dongéng mangrupa salasahiji média hiburan anu loba paminatna, hiburan keur maturan reureuh tina kacapé tina pagawéan di sawah, huma, kebon jeung sajabana. Cukup nyetél radio, ngadangukeun dongéng anu geus dijadwalkeun ku nu boga *chanel* radio. Di Kuningan, dongéng téh biasana didangukeun dina siaran radio Rasilima FM, sanggeus salat asar bari nungguan adan maghrib atawa sanggeus salat isa, itung-itung mépéndé saré. Salian ti kagiatan ngadangukeun dongéng, tradisi ngadongéng ogé baheula mah dijadikeun tali paranti pikeun ngaraketkeun hubungan nu jadi indung jeung anak-anakna. Saméméh saré biasana nu jadi indung ngadongéngkeun hiji dongéng nepi ka anakna tibra saré. Tina ngadongéng ogé bisa jadi média pikeun nepikeun ajén-inajén kahirupan.

Tapi éta mah baheula, saméméh ayana kamekaran téhnologi nu leuwih maju, katambah kiwari geus asup ka *era society 5.0* anu sagala rupana geus ngandelkeun téhnologi digital, nu ngadongéng téh geus jarang. Kiwari, tinggal panyésaan masarakat nu resep ngadangukeun dongéng dina radio, atawa dongéng sacara langsung, katambah nu sok ngadongéng gé bisa kaitung ku ramo, mung nu umurna 55 taun ka luhur, aki-aki jeung nini-nini wungkul, komo deui kana dongéng atawa carita nu sumebar di masarakat. Geus lain rusiah umum, yén barudak kiwari leuwih deukeut jeung HP tinimbang jeung kolotna, da unggal waktuna nyekelan waé HP, kitu ogé nu jadi kolotna leuwih jongjon da budakna anteng ulin jeung HP. Teu salah mun budak kiwari teu apal-apal acan kana tokoh dongéng Sangkuriang, sakadang monyét, sakadang peucang, jeung sajabana, komo deui apal kana carita-carita sajarah daérah mah, da unggal poéna ulukutek waé jeung HP. Padahal dongéng téh mangrupa sarana pikeun ngadugikeun ajén-inajen kahirupan ti hiji générasi ka générasi séjénna. Sakumaha disebutkeun ku Rukiyah (2018), yén mangpaat tina kagiatan ngadongéng nyaéta: 1) pikeun numuwuhkeun sikep proaktif, 2) ngaraketkeun hubungan kolot jeung budak, 3) nambahan pangaweruh, 4) ngalatih daya konséntrasi, 5) nambahan kandaga kecap, 6) numuwuhkeun minat maca, 7)

ngarangsang daya pikir kritis, 8) ngarangsang imajinasi, fantasi, jeung kréativitas, sarta 9) méré atikan tapi teu rumasa ngaguruan.

Kuningan mangrupa salasahiji daérah di Jawa Barat nu miboga carita rayat atawa dongéng. Ngaran Kuningan kasebut ogé dina carita sajarah Sunda mangsa karajaan Galuh Pakuan beheula, yén di Kuningan kungsi aya karajaan bawahan Galuh nu disebut karajaan Saunggalah sakumaha disebutkeun dina naskah “carita parahiyangan”. Kabupatén Kuningan mangrupa hiji kabupatén di daérah perbatasan antara Jawa Barat jeung Jawa Tengah. Kabupatén Kuningan mangrupa hiji kota leutik nu beunghar ku objék wisata, nyaéta aya objék wisata Palutungan nu kasohor ku kaéndahan pagununganna, Sangkanhurip nu kasohor ku objék wisata cai panasna, Cibulan nu kasohor ku ayana lauk déwa, jeung réa deui lianna. Objék wisata di Kabupatén Kuningan kaitung lengkep, ti mimiti objék wisata rékréasi, wisata réligi, wisata budaya, wisata alam, jeung sajabana aya di kota leutik Kuningan.

Saban tempat wisata pasti miboga carita asal-usul atawa carita nu dijieun *icon* di éta patempatan, saperti contona tempat wisata Cibulan nu kaasup kana tempat wisata rékréasi jeung wisata réligi, disebut rékréasi sabab aya tempat keur ulin (ngojay, *selfie*, jsb) tur disebut tempat wisata réligi ogé sabab kasohor tempat patilasan Prabu Siliwangi, jeung para wali nu di jerona aya sumur tujuh jeung lauk déwa. Nyaritakeun lauk déwa, umumna masarakat téh apalna ngan saukur di Cibulan waé nu aya lauk déwa, padahal dina buku sejarah Kuningan (Ekadjati, 2003, kc. 14) disebutkeun yén hirup lauk sajenis kancra bodas atawa lauk déwa di Cigugur, Darmaloka, Linggarjati, jeung Cibulan. Katambah pangalaman panalungtik basa KKN taun 2013 di Désa Pasawahan yén salian ti opat tempat anu disebutkeun tadi, aya ogé kahirupan lauk déwa di Balong Kambang Désa Pasawahan Kacamatan Pasawahan. Disebutkeun ogé ku Mang Ading salaku kuncén Balong Darmaloka, nalika panalungtik obsérvasi ka lapangan dina tanggal 12 September 2022, yén di Balong Dalem Désa Babakanmulya ogé aya Lauk Déwa. Sanggeusna di obsérvasi langsung ka Balongdalem, bener ayana lauk déwa di éta patempatan. Cindekna, lain saukur di Cibulan wungkul ayana lauk déwa di Kuningan téh, tapi sumebar ogé di lima patempatan séjénna nya éta Darmaloka di Kacamatan Darma, Cigugur di Kacamatan Cigugur, Situs Balong Dalem di

Kacamatan Jalaksana ngahiji jeung Cibulan, Objék Wisata Alam Linggarjati di Kacamatan Cilimus, jeung Balong Kambang Pasawahan di Kacamatan Pasawahan. Ti unggal tempat tangtuna miboga carita anu teu sarua ngeunaan carita lauk déwa, najan loba nu nyebutkeun yén lauk déwa téh mangrupa janggélékan prajurit Prabu Siliwangi anu teu satia. Ku kituna, aya kapanasaran panalungtik pikeun nalungtik carita rayat atawa dongéng lauk déwa jeung dongéng séjénna, anu aya patalina jeung dongéng lauk déwa di Kabupatén Kuningan, hususna anu kasebar di lima kacamatan saluyu jeung ayana lauk déwa di Kuningan.

Carita rayat atawa dongéng mangrupa salasahiji wujud hasil kabudayaan. Kabudayaan jeung masarakat moal bisa dipisahkeun, sabab manusa salaku palaku kabudayaan jeung kabudayaan salaku alat dina kahirupan manusa. Salaku mahluk sosial, manusa teu bisa hirup sorangan. Soekanto, (dina Suwondo, 2003, kc. 89) nétélakeun yén moal aya masarakat nu teu miboga kabudayaan, kitu ogé moal aya kabudayaan mun teu aya masarakat pikeun wadah kabudayaanna. Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa butuh média basa pikeun komunikasi jeung manusa séjénna. Basa salaku salasahiji unsur kabudayaan miboga ajén penting anu teu bisa dipisahkeun tina masarakat. Hiji masarakat disebut mikacinta kana budayana lamun mikacinta ogé kana basana. Ieu luyu jeung paribasa “basa téh cicirén bangsa”. Haugen, (dina Sudaryat, 2015, kc. 24) nétélakeun yén basa jeung bangsa mangrupa hiji beungkeutan anu teu bisa dipisahkeun, bangsa nu miboga ajén kudu miboga basa. Kitu ogé Sudaryat, (2015, kc. 24) nyebutkeun yén alam pikir masarakat jeung budaya Sunda bakal nyampak tina éksprési basa Sunda.

Salasahiji éksprési tina basa Sunda nya éta ayana hiji karya nu mangrupa hasil olah rasa olah pikir manusa. Manusa bisa ngaéksprésikeun dirina ngaliwatan karya sastra, boh sastra tulis boh lisan. Luyu jeung Nurjanah spk., (2023, kc. 2), nyebutkeun yén basa ngabogaan peran nu kalintang pentingna, lantaran sagala hal anu disurahan, kaalaman, dirasakeun, dipikirkeun ku hiji jalma moal dipikanyaho ku batur upama teu dibejakeun ngaliwatan basa, boh basa tinulis boh basa lisan Saterusna, Wellek jeung Austin Warren, (2014, kc. 1) nyebutkeun yén sastra mangrupa hiji kagiatan kreatif dina wangun tulis, hiji karya seni. Hiji karya tina hasil olah rasa olah karsa jeung olah pikir manusa. Ditilik tina wangunna, karya

sastra aya nu mangrupa sastra tulis jeung sastra lisan. Salasahiji karya sastra lisan nu sumebar di masarakat nu mangrupa warisan ti karuhun nya éta dongéng.

Dongéng téh salasahiji sastra lisan nu mangrupa bagian tina *folklore*, kitu ogé *folklore* mangrupa bagian tina tradisi lisan. Dongéng salaku sastra lisan kamekaranna sumebar sacara turun-tumurun. Dina kaayaan kiwari nu sagala hal geus dikawasa ku téhnologi, kamekaran dongéng tangtuna bakal kalindih ku arus globalisasi, luyu jeung Ratna, (2017, kc. 106) anu nyebutkeun kamekaran téhnologi mawa dampak positip jeung négatip, salasahiji hal négatipna nya éta kurangna hubungan antara individu hiji jeung lianna, sarta leungitna tradisi anu di jerona nyangkaruk rupa-rupa kaarifan lokal, anu miboga fungsi salaku semén keur ngaraketkeun kahirupan berbangsa jeung bertanah air. Ku kituna, sangkan dongéng salaku salasahiji tradisi anu tetep dipikawanoh di masarakat, kudu ditarékahan ku cara didokumentasikeun jeung diarsipkeun dina wangun tulisan, sangkan bisa diaksés di mana baé, ku saha baé, jeung iraha baé (tina lisan kana tulisan). Luyu jeung sawangan Sumardjo, (2015, kc. 13) yén sajarah kamekaran ajén-ajén lokal teu karékam dina wangun tinulis pikeun pangaweruh generasi kiwari.

Sistem atikan nu aya di unggal sakola leuwih ngawanohkeun siswa kana kabudayaan barat, tibatan kabudayaan warisan karuhunna (Rosidi, 2011, kc 43). Pamadegan Ajip Rosidi jadi PR nu beurat lamun urang salaku palaku aya di dunya atikan teu bisa ngarobah pernyataan éta. Ku kituna, kudu aya upaya pikeun ngaréngsékeun éta pasualan. Salasahijina ku cara ngawétkeun, ngadokuméntasikeun, ngarsipkeun, jeung ngawanohkeun kabudayaan lokal nu masih sumebar sacara lisan pikeun jadi bahan literasi anu bisa diaksés di mana baé, iraha baé, jeung ku saha baé. Salian ti éta, urang ogé kudu bisa ngaguar ajén-inajén nu nyangkaruk dina éta dongéng.

Unggal carita anu sumebar di masarakat tangtuna miboga kaunikan séwang-séwangan. Salian ti unik, unggal carita ogé miboga maksud jeung tujuan nu rék ditepikeun ka nu dicaritaanana. Carita-carita nu sumebar di masarakat miboga pesen keur masarakatna, carita nu sumebar di masarakat lain saukur carita wungkul tapi aya tapak lacak sajarah anu ditinggalkeun dina éta carita. Sakumaha disebutkeun ku Mulyaningsih spk., (2021) yén carita rayat ngawakilan budaya hiji komunitas atawa kelompok anu miboga kaarifan tradisional nu nyangkaruk ajén-

inajén budaya salasahjina hubungan manusa jeung alam sabudeureunana. Dongéng salaku salasahiji kabudayaan lokal dina wangun kalisanan, nu mangrupa hasil olah pikir, olah rasa, jeung olah karsa nalar manusa dina ngaéksprésikeun konsép-konsep kahirupan ngaliwatan imajinasi. Eusina bisa mangrupa hiburan, pituduh, papatah, jeung sajabana. Hal ieu luyu jeung Dananjaya (1994, kc. 83), yén dongéng mangrupa bagian tina carita rayat, carita pondok dina wangun sastra lisan, dongéng mangrupa carita anu teu bener-bener kajadian, dongéng dicaritakeun pikeun hiburan, najan loba ogé nu ngagambarkeun bebeneran nu miboga eusi atikan (moral) atawa sindiran.

Dina dongéng nembrak ajén-inajén kahirupan anu diselipkeun ku nu nyaritana, boh sacara langsung atawa teu langsung. Dongéng salaku alat rekam ajén-ajén budaya masarakat. Kasadaran perluna ajén-ajén budaya mangrupa hal biasa, gedé mangfaatna pikeun ngokolakeun poténsi jeung paripolah masarakat sangkan manggih kasugemaan hirup (Suryalaga, 2010, kc. 19). Dina budaya tangtuna lain saukur ajén kabudayaanna wungkul anu nyampak, tapi ajén atikan ogé pasti nyampak dina saban kagiatan kabudayaan, sakumaha nu disebutkeun ku Alwasilah spk, (2009, kc. 50-51), étnopédagogik mangrupa hiji prakték atikan anu didasaran ku kaarifan lokal dina rupa-rupa hal saperti pangobatan, seni bela diri, lingkungan hirup, tatanén, ékonomi, pamaréntahan, sistim pananggalan, jeung sajabana. Étnopédagogik nyawang pangaweruh jeung kaarifan lokal salaku sumber inovasi jeung kaparigelan anu bisa digunakeun pikeun karaharjaan masarakat. Étnopédagogi bisa dilaksanakeun dina atikan formal jeung nonformal ngaliwatan pangajaran anu diintegrasikeun jeung ajén-inajén tradisional, kaarifan lokal, tradisi, tarian tradisional, upacara adat, carita rayat, jeung ngaliwatan komunikasi jeung kulawarga (Alagöz Hamzaj & Selvi dina Rahayu spk., 2021). Carita rayat salasahiji kaaripan lokal Sunda anu kiwari ampir leungit, sabab geus jarang anu ngadongéngkeun boh ngadokuméntasikeun, padahal di jerona nyangkaruk ajén-ajén atikan kahirupan anu dumasar kana kaarifan lokal.

Panalungtikan ngeunaan carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu ngarojong kana carita rayat lauk déwa kawilang penting boh keur dunya atikan, keur masarakat, keur pamaréntahan, ogé keur dunya pariwisata. Pikeun dunya atikan, hasil panalungtikan bisa digunakeun pikeun nambahan référénsi bahan ajar

ngeunaan carita rayat atawa dongéng, hususna dongéng anu aya patalina jeung kaarifan lokal di daérahna. Pikeun masarakat umum, hasil panalungtikan bisa méré nyaho yén lain saukur di Cibulan wungkul nu aya kahirupan lauk déwa, tapi aya di lima patempatan séjénna anu tangtuna miboga carita anu béda. Keur pamaréntahan, hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun dadasar pikeun rarancang pangwangunna kahareupna, patalina jeung dunya pariwisata hususna objék-objék wisata anu kasohor ku lauk déwa tangtuna bisa ngirut wisatawan sangkan beubeunangan daérah ogé terus ningkat.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan dongéng di antarana: 1) “Fungsi Cai dina Dongéng Sunda Ulikan Struktural jeung Intertékstual” (skripsi, Nesa Wara Puspita, 2019), panalungtikan ieu ngaguar fungsi cai tina 17 dongéng Sunda anu miboga unsur cai ngangunakeun pamarekan struktural jeung intertékstualitas; 2) “Toponimi Dumasar Carita Rahayat di Kacamatan Parigi Kabupatén Pangandaran pikeun Bahan Pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP” (skripsi, Intan Nur, 2019), panalungtikan ieu nganalisis 53 carita rayat, tujuh tina 53 carita rayat cocog jeung luyu pikeun kriteria bahan ajar maca dongéng di SMP Kelas VII; 3) “Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sosial)”(skripsi, Annisa Ramadhani, 2022), panalungtikan ieu ngadéskripsikeun struktur jeung psikologi sosial anu nyangkaruk dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan* nu hasilna diterapkeun pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP; 4) “Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* Karya Wahyu Wibisana jeung Dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara pikeun Bahan Ajar Maca Dongéng Di Kelas VII SMP Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan” (skripsi, Delpia Sinta Rahayu, 2022), panalungtikan ieu nganalisis jeung ngadéskripsikeun dua dongéng ngagunakeun analisis struktural jeung babandingan sastra anu hasilna dilarapkeun pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP Kelas VII; 5) “Dongéng-Dongéng di Kacamatan Sadananya Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)” (skripsi, Jejen Jenab, 2020), panalungtikan ieu ngahasilkeun 18 dongéng ti lapangan, ngagunakeun téhnik obsérvasi jeung wawancara langsung ka para sepuh di Kacamatan Sadananya Kabupatén Ciamis, anu hasilna bisa dijadikeun alternatif bahan ajar maca dongéng; 6) “Sastra Lisan anu Aya di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy

Kabupaten Ciamis (Ulikan Struktur jeung Ajén Atikan)” (tésis, Evi Sulastri, 2013), nu hasilna kapaluruh 28 dongéng nu diklasifikasikeun jadi 10 dongéng sasakala, 8 dongéng mitos jeung 10 dongéng sagé sarta dumasar kana analisis strukturna, téma dongéng anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis aya hubunganana jeung masalah kulawarga, kakawasaan, karajaan, unsur kakuatan gaib (jin jeung siluman-silemin), hubunganana jeung papada mahluk hirup, jeung alam;

7) “Struktural jeung Simbol Budaya Sunda dina Dongeng *Sakadang Kuya jeung Monyet*” (tésis, Risnawati, 2016), panalungtikan ieu medar struktur jeung simbol budaya Sunda tina dongéng sakadang Kuya jeung Monyét anu diwatesan ku carita sakadang kuya jeung monyétna anu ngalalakon bareng; 8) “Dongéng *Si Kabayan* Karangan M.O. Koesman pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” (tésis, Faryono, 2017) nu hasilna nyebutkeun yén téma nu kagambar dina dongéng-dongéng si Kabayan rupa-rupa tapi leuwih nyoko kana ajaran moral; 9) “Dongéng-Dongéng di Tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan pikeun Bahan Ajar Maca Dongéng di SMA” (tésis, Aji Nurhamzah, 2018) nu hasilna kapaluruh 8 dongéng ti tutugan Ciremai nu dianalisis ngagunakeun pamarekan struktural Levi Strauss jeung étnopedagogik; 10) “*Dongéng Énténg ti Pasantren* Karya Rahmatullah Ading Affandie (RAF) pikeun Alternatif Bahan Ajar di SMP (Kajian Ajén Budaya, Sémiotika, jeung Étnopédagogik)” (tésis, Muhammad Ramdhan Firdaus, 2022), panalungtikan ieu nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur, ajén budaya, sémiotik, jeung étnopédagogik tina dongéng énténg ti pasantren anu hasilna bisa dilarapkeun pikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di SMP; 11) “*Penerapan Teori Vladimir Propp pada Cerita Rakyat Ikan Lompa*” (Hasan & Jalan, 2016); hasil panalungtikan ieu kapaluruh opat lingkaran tindakan anu miboga 19 fungsi naratif jeung 3 jenis palaku; 12) “*Struktur Naratif Vladimir Propp dalam Cerita Rakyat Kabupaten Brebes Jaka Poleng*” (Yono, 2020); panalungtikan ieu leuwih fokus kana nerapkeun tiori Vladimir Propp kana carita rayat Jaka Poleng anu ngahasilkeun 21 fungsi di antarana, *kebutuhan, keberangkatan, Perpindahan Tempat, Berjuang, Penetralan, Reaksi, Pengintaian, Reaksi, kebutuhan terpenuhi, Kepulangan, Datang tak dikenali, Penjelmaan, Penandaan, Reaksi, Penyampaian informasi, Reaksi, Penyampaian informasi, peristiwa penghubung, penyampaian informasi, Penyingkap tabir, Dikenali, tuntutan yang tidak mendasar, Larangan,*

*perjuangan, Penyelamatan, Reaksi, Penjelmaan, Penyelesaian, Tugas sulit, dan Penandaan*; 13) “*Analisis Cerita Rakyat Jaka Tingkir: Kajian Struktural Naratif Vladimir Propp*” (Putra jeung Wahyuningtyas, 2017), panalungtikan ieu ngadéskripsikeun fungsi palaku, distribusi fungsi palaku, jeung bentuk skema carita; 14) “*Si Dayang Rindu Tunang Raja Palembang*”: *Morfologi Vladimir Propp*” (Anggraini, 2016) panalungtikan ieu maluruh carita rayat Dayang Rindu Tunang Raja Palembang ngagunakeun pamarekan struktur Vladimir Propp, hasil panalungtikanna nimukeun 13 fungsi kalayan skema  $(\alpha) : \xi A D \theta a \varepsilon E H I V L Q N : (X)$ , 15) *Cerita Pantun Mundinglaya di Kusumah: ”Analisis Struktur Naratif Vladimir Propp”*, (Isnendes, 2010), tujuan panalungtikan ieu pikeun nguji cobakeun struktur naratif Vladimir Propp kana carita pantun Mundinglaya di Kusumah, nu hasilna yén najan rada dipaksakeun, tiori struktur naratif Propp bisa diterapkeun pikeun ngaguar struktur carita rayat, hususna carita pantun Mundinglaya di Kusumah anu sacara wangunna miboga ugeran sorangan, béda jeung carita lancar nu séjénna.

Najan panalungtikan saméméhna sawanda, tapi tangtu aya sasaruana jeung bédana. Sasaruana, nyaéta sarua medar dongéng, ngajadikeun dongéng salaku objek panalungtikanana. Sedengkeun bédana, aya dongéng anu geus mangrupa tulisan aya ogé dongéng anu meunang observasi jeung wawancara langsung ti lapangan, salian ti éta nu ngabédakeunna nya éta tina péso analisis anu dipaké pikeun nganalisisna, aya nu ngagunakeun struktural, jeung étnopédagogik, struktural jeung intertékstualitas, struktural jeung psikologi sosial, struktural jeung ajén moral, ajén atikan, ajén budaya jeung sajabana. Pamungkas, hasil panalungtikanna ogé aya nu dilarapkeun pikeun bahan ajar aya ogé anu panalungtikan sastra murni.

Salian ti éta, kungsi ogé aya panalungtikan nu nalungtik ngeunaan objék nu sarua, nyaéta lauk déwa, di antarana: 1) “*Sampun Wonten Ket Mbiyen Lan Jumlahe Mboten Kirang Mboten Nambah: Mitos ‘Ikan Déwa’ Sebagai Strategi Konservasi di Telaga Rambut Monte Kabupaten Blitar Jawa Timur*” (Muqodam & Kewuel, 2021) hasilna némbongkeun yén masarakat di Telaga Rambut Monte masih ngajaga mitos *ikan déwa*, mitos ngeunaan *ikan déwa* tos dicekel pageuh dina kahirupan masarakatna jeung dipraktékkeun dina kahirupan sapopoé; 2) “*Fenomena Ikan Déwa di Kolam Renang Cibulan Studi Fenomenologi mengenai*



*Ikan Déwa di Kolam Renang Cibulan Kota Kuningan*” (skripsi, Gugun Gumilar, 2016), nu hasilna nyebutkeun yén kasangtukang wisatawan dikelompokkeun jadi tilu kelompok, nyaéta wisatawan anu teu maliré mitos, wisatawan nu miboga tujuan wisata budaya, jeung wisatawan nu ngudag wisata spiritual; 3) “*The Potential of “Kancra Bodas Fish” or “God- Fish” Legend in Cibulan Kuningan West Java Indonesia as Sustainable Tourism Development Strategies*” (Citraesmana dkk., 2020) nu hasilna nyebutkeun yén carita legenda kancra bodas di Cibulan miboga poténsi pikeun mekarkeun kapariwisataan nu kudu didukung ku pamaréntah jeung masarakatna.

Sanggeus dipaluruh hasil panalungtikan-panalungtikan saméméhna, najan manggih objék nu sarua ngeunaan lauk déwa atawa kancra bodas, tapi can aya panalungtikan ngeunaan kasusastraan lisan carita rayat atawa dongéng lauk déwa di Kabupaten Kuningan. Ku kituna, ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan munggaran nu medar ngeunaan carita rayat atawa dongéng lauk déwa jeung dongéng mitos séjénna ngagunakeun pamarekan struktural jeung étnopedagogi. Dumasar kana éta pedaran, panalungtikan ngeunaan sastra lisan nu mangrupa carita rayat atawa dongéng di Kabupatén Kuningan penting pikeun dilaksanakeun ngaliwatan prosés dokuméntasi tur dianalisis sangkan henteu leungit. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Carita Rayat Lauk Déwa jeung Dongéng Séjénna di Lima Kacamatan Kabupatén Kuningan (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditulis dina wangun patalékan, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu aya patalina jeung carita rayat lauk déwa di lima Kacamatan Kabupaten Kuningan (Darma, Cigugur, Jalaksana, Cilimus, jeung Pasawahan)?
- 2) Kumaha struktur carita dongéng lauk déwa jeung dongéng séjénna anu aya patalina jeung carita rayat lauk déwa di lima Kacamatan Kabupatén Kuningan (Darma, Cigugur, Jalaksana, Cilimus, jeung Pasawahan) kalayan ngagunakeun pamarekan Vladimir Propp?

- 3) Ajén étnopédagogik naon waé anu nyangkaruk dina carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu aya patalina jeung carita rayat lauk déwa di Kabupatén Kuningan?
- 4) Kumaha fungsi carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu aya patalina jeung carita rayat lauk déwa di lima Kacamatan Kabupatén Kuningan (Darma, Cigugur, Jalaksana, Cilimus, jeung Pasawahan)?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus nya éta:

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta maluruh dongéng lauk déwa nu aya di Kabupatén Kuningan ku cara medar perkara déskripsi carita, struktur carita, jeung ajén étnopedagogi nu nyampak dina unggal carita dongéng lauk déwa. Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh panalungtik jeung nu maca dina widang sastra lisan hususna dongéng ngeunaan lauk déwa di Kabupatén Kuningan.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum, tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna nu aya patalina jeung lauk déwa di Kabupatén Kuningan;
- 2) struktur carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna di Kabupatén Kuningan;
- 3) ajén atikan étnopédagogi anu nyampak dina carita rayat dongéng lauk déwa jeung dongéng séjénna di Kabupatén Kuningan; jeung
- 4) fungsi carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna di Kabupatén Kuningan.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi téoritis, kawijakan, praktis, isu jeung aksi sosial.

### **1.4.1 Manfaat Téoritis**

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun balaréa sarta bisa jadi salasahiji sumber référénsi ngeunaan kasusastraan Sunda hususna nu patali jeung carita lauk déwa di Kabupatén Kuningan.

### **1.4.2 Manfaat Kawijakan**

Tina segi kawijakan, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun dasar ku pamaréntah pikeun leuwih wanoh, miara, ngamumulé, jeung ngaéplorasi sastra lisan nu sumebar di Kabupaten Kuningan, hususna nu patali jeung carita rayat di Kabupaten Kuningan.

### **1.4.3 Manfaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun panalungtik. Panalungtik meunang pangalaman anyar dina maham jeung ngulik carita rayat dongéng lauk déwa di Kabupaten Kuningan. Pikeun panalungtik saterusna, dipiharep hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung kasusastraan, hususna sastra lisan dina wangun carita rayat atawa dongéng. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan carita rayat atawa dongéng lauk déwa di Kabupatén Kuningan

### **1.4.4 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial**

Ditilik tina segi mangpaat isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan bacaan anu patali jeung carita rayat hususna dongéng lauk déwa di Kabupatén Kuningan. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré gambaran kaayaan sosial masarakat di Kabupatén Kuningan.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi lima bab, jéntréna saperti kieu.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi opat nya éta, mangpaat tina segi téoritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina segi praktis, mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab nu dipedar nya éta ngeunaan carita rayat, tiori struktural kajian sastra Vladimir Propp, jeung tiori étnopédagogi anu dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan. Salian ti éta, dipedar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan metode panalungtikan anu diwincik deui jadi désain panalungtikan, téknik panalungtikan, instrumen panalungtikan, sarta data jeung sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar eusi anu nétélakeun hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan déskripsi carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna di lima Kacamatan Kabupatén Kuningan anu aya patalina jeung carita rayat lauk déwa, babandingan unggal vérsina, boh tina struktur boh tina ajén étnopédagogikna, sarta sagala rupa hal anu ditanyakeun dina Bab 1 bakal dipedar dina ieu bab.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Implikasi jeung rékoméndasi pikeun nu maca, kacindekan mangrupa jawaban anu cindek tina daftar patalékan anu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun ieu hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah anu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.